

## PWOGRAM POU BAY MOUN KI GEN REVNI EKSEDAN YO CHWA POU PEYE (Haitian Creole)

Moun revni yo depase limit revni Èd Medikal la ka toujou jwenn èd ak bòdwo medikal yo. MAP-931, **Pwogram Eksplikasyon Revni Eksedan** eksplike si ou bezwen pote oswa voye bòdwo ou bannou chak mwa epi yo egal a montan revni eksedan an oswa plis, ou ka resevwa pwoteksyon pou nenpòt lòt depans medikal **pou pasyan ki pa entène** ou fè kay yon pwofesyonèl swen sante Èd Medikal nan mwa sa a. Eksplikasyon ki anba la a se yon lòt fason ou kapab jwenn pwoteksyon Èd Medikal.

Tan pou ou pote bòdwo medikal ou yo oswa voye yo pa lapòs chak mwa, ou ka peye nou montan revni ou ki depase limit ou a. Si ou decide peye nou lajan sa a, ba ou pwoteksyon pou pasyan ki pa entène pou mwa w ap peye pou li a, epi ou pa pral bezwen peye jiskaske ou gen yon bòdwo medikal. Si ou peye yon total sis (6) mwa revni eksedan, n ap ba ou pwoteksyon pou pasyan ki entène ak pasyan ki pa entène pou peryòd sis (6) mwa sa a. Apre yo ba ou pwoteksyon, w ap ka sèvi ak kat Èd Medikal ou a pou jwenn sèvis nan men doktè ou oswa lòt pwofesyonèl swen medikal. Ou dwe asire ou pwofesyonèl swen sante a aksepte peman nan men pwogram Èd Medikal la avan ou resevwa sèvis la.

Si ou peye revni eksedan ou bay nou epi apres a ou jwenn oswa peye yon bòdwo pou sèvis Èd Medikal pa garanti (pa egzans, sèvis kiwopraktè), n ap ranbouse ou oswa n ap ba ou yon kredi sou pwochen mwa ou pa gen pwoteksyon ki disponib la. Ou dwe pote oswa voye bòdwo ki peye oswa ki pa peye yo bannou pou w ka jwenn kredi oswa ranbousman an.

Sonje, nou p ap peye oswa ba ou kredi pou okenn bòdwo oswa pati nan yon bòdwo **Medicare** oswa lòt asirans sante ou genyen ap garanti.

Si ou decide peye nou revni eksedan ou a, detanzantan n ap egzaminen montan tout reklamasyon nou te peye pou ou yo epi konpare yo ak montan nou te peye yo. Si ou ta peye plis pase sa ou sipoze a, n ap swa ba ou yon ranbousman oswa ba ou kredi pou pwoteksyon nan yon lòt mwa. Nou pral pran desizyon sa a ki baze sou sikonstans ou.

Ou ta dwe konsidere bagay sa yo avan ou decide patisipe nan Pwogram pou Peye a :

1. Sòf si ou konnen ou pral bezwen sèvis medikal pandan yon mwa, li **pa** nan avantaj ou pou w peye nou revni eksedan ou pou mwa sa a.
2. Si ou peye revni eksedan ou pou yon peryòd epi apres a ou pa sèvi ak kat Èd Medikal ou a, li ka pran omwen yon ane pou nou ba ou yon ranbousman oswa yon kredi. Sa a se paske nou dwe rete tann pou wè si genyen nenpòt reklamasyon yo te peye pou ou pou peryòd sa a.
3. Si ou decide ou vle peye nou revni eksedan ou an, ou ka fè sa chak mwa, oswa sèlman nan mwa ou konnen ou pral bezwen sèvis medikal yo. Si ou vle, ou **ka** peye nou pou plis pase yon mwa alafwa, jiska sis (6) mwa youn apre lòt. Sepandan, si ou decide peye revni eksedan ou epi apres a ou pa peye nou pandan twa (3) mwa youn dèyè lòt, ou ka resevwa yon avi konsènan entansyon nou pou fèmen dosye ou a. Ou ka re-aplike pou Èd Medikal si ou genyen oswa ou espere pou genyen depans medikal ki omwen egal a revni eksedan ou epi ou vle fè yon peman oswa soumèt bòdwo pou resevwa pwoteksyon.

Nan kèk sikonstans, pwogram Medicaid la pa konte revni yo plase nan yon Fidisi Bezwen Espesyal. Tanpri li "Eksplikasyon Efè Fidisi yo sou Kalifikasyon Medicaid" ki ajoute ak dokiman an. Enfòmasyon sa a disponib sou sitwèb depatman sante a tou nan: [http://health.ny.gov/health\\_care/medicaid/index.htm#trusts](http://health.ny.gov/health_care/medicaid/index.htm#trusts)

**Si ou pa te bay prèv resous ou yo lè nou te detèmine ou pa kalifye pou Èd Medikal, ou pa pral kalifye pou pwoteksyon pou sèvis swen alontèm.**

**Tanpri rele HRA Medicaid Helpline nan 1-888-692-6116 si ou bezwen èd pou konprann lèt sa a oswa si ou bezwen plis enfòmasyon.**

**Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa sante mantal oswa yon andikap?** Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou konprann avi sa a oswa sa avi sa a mande pou ou fè? Èske pwoblèm sa a sa fè l difisil pou ou pou jwenn lòt sèvis nan HRA? **Nou kapab ede ou.** Rele nou nan nimewo 212-331-4640. Ou ka mande pou èd tou lè w vizite biwo HRA a. Ou gen dwa pou mande kalite èd sa a dapre lalwa.

## Eksplikasyon Efè Fidisi yo sou Kalifikasyon pou Medicaid

### Kisa yon Fidisi ye?

Yon fidisi se yon enstriman jiridik kote yon moun bay yon lòt moun (fidisyè a) kontwòl sou byen li yo pou fè dekèsman dapre enstriksyon moun ki kreye fidisi a bay. Yon fidisi ka gen ladann:

- lajan kach oswa byen likid; **ak**
- pwopriyete reyèl oswa pèsònèl ki ta ka chanje an lajan kach.

### Ki bagay ki Konte kòm Byen e ki itilize pou Etabli yon Fidisi?

Byen yo ki souvan plase nan fidisi gen ladann revni, resous akimile ak pwopriyete imobilye.

### Kijan yon Fidisi Afekte Avantaj Medicaid Mwen yo?

Kòm règ jeneral, si w itilize byen w yo pou etabli yon fidisi nan dat 1ye janvye 2000 oswa apre dat sa, tout oswa yon pati nan byen fidisi yo pral konte kòm resous ou pou ka detèmine kalifikasyon Medicaid ou a.

- Nan ka fidisi ki **kapab anile**, tout fidisi a se resous ou.
- Nan ka fidisi ki **pa kapab anile**, si gen nenpòt sikonstans kote yo ta ka fè peman an ba w oswa nan avantaj ou, pati fidisi a yo ka pran pou fè peman an se resous ou.

### Èske gen Eksepsyon pou Règ Kontaj Sa yo?

Gen kèk eksepsyon ki aplikab pou:

- “Fidisi pou bezwen espesyal” (pafwa yo rele kòm “fidisi pou bezwen siplemantè”) ki kreye pou avantaj moun andikape sètifye ki gen mwens pase 65 lane. Yon “fidisi pou bezwen espesyal” dwe:
  - kreye avèk pwòp byen moun nan; **epi**
  - kreye pa moun ki andikape a, pa paran, granparan, oswa responsab legal moun andikape a, oswa pa yon tribinal; **epi**
  - gen ladann pawòl ki presize ke lè moun andikape a mouri, Eta a ap resevwa tout montan ki rete nan fidisi a, jiskaske li rive nan montan Medicaid ki te peye nan non moun nan.
- “Fidisi kolektif” ki kreye pou avantaj yon moun andikape sètifye kèlkeswa laj li. Pou konsidere kòm yon “fidisi kolektif”:
  - fidisi a dwe gen yon asosyasyon ki pa gen bi fè pwofi ki etabli ak jere li;
  - fidisi a kenbe kont separe pou chak moun kote byen yo fè pati fidisi kolektif la men regwoupe kont sa yo pou rezon envestisman ak jesyon lajan fidisi a;
  - fidisi a dwe kreye avèk pwòp byen moun nan;
  - kont moun ki andikape nan fidisi a dwe etabli pa moun andikape a, pa paran, granparan oswa responsab legal moun andikape a oswa pa yon tribinal; **epi**
  - fidisi a dwe gen ladann pawòl ki presize ke lè moun nan mouri, lajan ke òganizasyon ki pa pou fè pwofi a pa kenbe yo prale pou Eta a, jiskaske li rive nan montan Medicaid ki te peye nan non moun nan.

Medicaid pa pral konte byen yo nan yon fidisi pou bezwen espesyal oswa fidisi kolektif si li reponn ak kritè ki dekri yo. Revni ki dirèkteman redirije bay youn nan kalite fidisi yo oswa ki te resevwa epi plase nan fidisi a pa konte kòm revni. Verifikasyon ke revni an te plase nan fidisi a obligatwa. Nenpòt byen fidisyè ki distribiye bay moun andikape a konte kòm revni.

### **Kijan Pou Mwen Mande Distri Sèvis Sosyal Lokal yo Rekalkile Revni Mwen Kou Mwen Kreye yon Fidisi?**

Ou dwe bay distri sèvis sosyal lokal ou yo yon kopi fidisi a. Ou dwe ajoute yon deklarasyon ekri ki endike montan revni mansyèl la ki pral plase nan fidisi a chak mwa.

### **Kijan Lajan ki soti nan yon Fidisi ki PA Resous Mwen Afekte Avantaj Medikal Mwen yo?**

- Lajan yo peye w dirèkteman yo ki soti nan fidisi a konte kòm revni.
- Lajan yo peye yon moun dirèkteman pou avantaj ou p ap konte kòm revni (tankou, manje, abri, bòdwo telefòn, edikasyon, lwazi, elatriye.)

### **Kijan Mwen Ka Jwenn Plis Detay Sou Jan Pou Mwen Monte yon Fidisi?**

Si w enterese monte yon fidisi, ou dwe konsilte yon avoka oswa konseye finansye. Ou gendwa kapab jwenn yon avoka gratis lè w rele Biwo Sèvis Jiridik oswa Asistans Jiridik lokal ou a. Pou non lòt avoka yo, rele Asosyasyon Bawo Eta oswa lokal ou a.

Si yon Pwokirasyon (POA) ap monte yon fidisi pou ou, pouvwa ki bay nan POA a dwe gen ladann pèmision pou fè don.

**Remak:** Epitou, pou moun ki marye ak selibatè yo, byen yo ke w ka itilize pou finanse yon fidisi epi ke nou ka pa konte pandan w ap viv nan kominote a, pral konte nan detèmine kantite revni ou dwe bay pou depans lontèm pou swen enfimye lakay yo. Gen règ anplis ki aplike pou transfere ale ak soti nan fidisi yo nan kad dispozisyon sou transfè byen yo.

Si w marye epi kalifikasyon Medicaid ou a detèmine nan kad bidjè povrete konjwen an avèk règ pou apre kalifikasyon yo (tankou, w enskri nan plan Swen Alontèm Medicaid Jere a) epi revni w lan plase nan yon fidisi pral konte nan detèmine kalifikasyon w.

Enfòmasyon sa yo jeneral.  
Pou jwenn plis enfòmasyon  
Rele 1-800-541-2831